

A KU meringkuk di pinggir jalan perkampungan sambil memegan-gi kedua lutut. Kubiarkan tubuhku diguyur hujan. Aku sudah tahan sakit, jika mengeluh, Bapak malah akan menyeretku. Aku disuruhnya mengambil gitar dan mengamen. Panas matahari akan menyembuhkan sakitmu, kata ayah.

Aku menggigil. Dan dadaku sesak bukan main. Kuraba punggungku, masih terasa perih. Kuraba lututku, juga didera rasa sakit. Aku menyesalkan, seandainya aku tidak meminta sekolah sebagaimana yang disarankan oleh lelaki tua berkacamata yang kami temui di perpempatan jalan, tentu Bapak tidak akan menyiksaku.

Pria itu berhenti, memarkirkan mobil di pinggir jalan, saat aku dan beberapa temanku sedang berteduh. Ia mendatangi kami, dan mengiming-imingi kami dengan berlembar-lembar uang. Ia memberi kami masing-masing seratus ribu. Mata kami berbinar. Tak pernah ada orang yang begitu dermawan kepada kami sebelum ini.

“Kalian ingin uang lebih banyak lagi?” tanyanya.

Kami menganggukkan kepala secara serempak.

“Bersekolahlah. Memakai seragam putih merah. Bersekolah yang tinggi, nanti kalian akan menjadi pegawai, dan akan menjadi gaji yang besar seperti saya. Kalian tidak perlu susah-susah untuk mengamen dan berpanas-panasan dalam mencari uang,” lanjutnya.

Kemudian orang itu berlalu dan pergi. Mata kami beradu pandang. Kami saling membicarakan apa yang diungkapkan oleh orang tersebut, yaitu bersekolah. Sebelumnya tak pernah sekalipun keinginan untuk bersekolah itu muncul. Menurut kami, bersekolah hanya menghabiskan waktu, mendengarkan omong kosong para guru. Berjam-jam duduk, dan tentu membosankan. Belum lagi desas-desus yang kami dengar, bersekolah mengeluarkan biaya tak sedikit. Namun perkataan lelaki berkacamata itu mengubah cara pandang kami. Kami langsung pulang ke rumah masing-masing dengan harapan baru.

Aku pulang tanpa mengetuk pintu. Rumah dengan tambalan seng-seng dan kardus bekas. Bapak sedang menenggak kopi di kursi plastik—satu-satunya barang mewah di rumah ini.

“Dapat uang berapa?” tanya Bapak.

“Dua ratus ribu, Pak,” jawabku pelan.

Mata Bapak terbelalal mendengar jawabanku. Karena tak percaya, ia langsung mendekati dan menyambar tasku. Ia membukanya. Dan ia mendapati satu lembar berwarna merah, dan beberapa lembar lagi, yang keadaannya telah lecek.

“Baru tengah hari. Dapat dari mana? Maling?” tanya Bapak.

Pecut Bapak

Cerpen : Rumadi



ILUSTRASI JOS

Aku tak berani menatap wajah Bapak. Aku menunduk dan menceritakan tentang lelaki berkacamata itu yang begitu dermawan.

“Untuk mendapatkan uang lebih banyak, kami disuruhnya bersekolah,” kataku dengan nada yang gemetar.

“Sekolah? Buat apa?”

“Untuk mendapatkan uang yang lebih banyak. Seperti kata bapak berkacamata itu.”

Bapak diam. Tak menjawab. Tak kusangka, Bapak mengeluarkan pecut yang biasa digunakan untuk mencambukku.

“Nungging!!!” suruh Bapak tegas.

“A... a...pa salah saya Pak?”

“Nungging kata Bapak. Lepas bajumu.”

Terakhir kali aku tidak menuruti perintahnya, ia menyiksaku lebih kejam. Maka kulepas bajuku kemudian menungging. Ia kemudian mencambukku dengan keras. Aku merintih, menahan sakit. Dan Bapak tidak peduli.

“Sudah untung aku mau mengurusmu, bocah jalang. Ibumu sundal, kawin dengan laki-laki lain. Tak usah meminta macam-macam. Kau lihat anak Kardi, ia sekolah, tamat SMA, tapi masih jadi pemu-lung juga,” kata Bapak sambil terus melecutku. □

**) Rumadi, lahir di Pati, 1990. Menulis cerpen. Saat ini aktif di FLP Ciputat dan komunitas Prosatujuh. Cerpennya pernah dimuat beberapa media cetak dan daring. Buku pertamanya berjudul 'Melepaskan Belenggu' diterbitkan oleh Jagat Litera.*

MENUNGGU SESUATU

ia menunggu sesuatu, bukan apa-apa
aku melihatnya duduk pada batas, menggigil
dunia mungkin berakhir
itu tak mungkin membuatnya dipahami
atau dikatakan
dan yang lain
yang lain berburu kota kota
dan ia gemetar
nyanyikan lagu kampung halaman
desaku, desaku...
dan ia ingin menangis
aku baca satu kolom pada berita
aku melihat iring-iringan berbaju hitam
kurasa tak ada yang lebih baik selain tak ada berita
dan ia masih menunggu sesuatu, bukan apa-apa

2022

SENJA DI ATAS MEJA

sebuah warna senja di atas meja
gaunmu ladang di kaki bukit
kau baring pada ranjang
dengan manis dari saat ke saat
malam dingin malam
kuingin dekap kehangatan

2022

LUKISAN PERTEMUAN

ia berkata 'tidak' lewat pikirannya
tapi ia berkata 'ya' dengan hatinya
ia berkata 'ya' untuk cintanya
ia berkata 'tidak' pada musuhnya
ia berdiri seperti sebuah pertanyaan
dan segala masalah berpose untuknya
tiba-tiba ia tertawa sendiri
kemudian melupakan segalanya
pertanyaan dan bayangannya
nama-nama dan waktunya
meski pikirannya masih liar
penuh ejekan seperti anak yang boros
menggoreskan kapur warna
pada permukaan dinding kamarnya
menggambar wajah bahagia
yang patah

2022

**)Khanafi, lahir di Banyumas, Jawa Tengah. Tulisan-tulisannya berupa puisi, esai, dan cerpen tersiar di beberapa media massa baik daring maupun cetak. Penulis berkhidmat di Forum Penulis Solitude (FPS). Sehari-harinya bekerja sebagai editor lepas dan penjual buku-buku lawas. Buku kumpulan puisi pertamanya bertajuk 'Akar Hening di Kota Kering' (SIP Publishing: 2021).*

MEKAR SARI

JENENGE bae sop buntut, mesthi bahan pokoke ya buntut sapi. Masakan sing kurang lumrah kanggo padinan. Tinemune ana warung kang uga ora lumrah, sebab regane mesthi larang, saora-orane ya tikel pindho kepara telu dibandingake karo mangan lumrah. Dadi, dina iki kanggoku istimewa, sebab sida marung sop buntut ing Enyresto. Warung kang ora bakal disaba dening lumrahe wong jajan, kejaba sake kandel.

“Olehe nggodhog daging pirang jam ya, kok bisa empuk kaya iki?” alokku marang Citra, kanca nunggal kantor kang sawetara wektu pungkasan iki memitranku krasa raket.

Citra mung mesem, sajak ora kelegan daktakoni ngono. Kanggone Citra ora perlu diwangsul. Pitakon modhel retorikistilahe ngelmu basa. Malah aku dadi krasa menawa sejatine ora beda karo wong-wong lumrah ana njaba warung, eh resto kae. Ora beda menawa aku iki ora ngerti panganan enak tur larang. Lha iya, wong biyasa jangan godhong tela, mbayung, gori sakancane. Lawuha paling apik endhog dadar apa ceplok.

“Mas, mbok takon liyane, ndesit banget,” wangsulane Citra semu ngece.

“Apa ana sing perlu dirembug, wong memangan iki rak lumrah yen nakokake thek kliwere sing dipangan merga ana sing gawe,” semaurku

“Ning ya aja gumunan ngono kuwi, ora perlu!”

“Terus?”

“Ya terus piye *hubungan*-e awake dhewe iki?” pangoyake Citra bab *hubungan* iki gawe kandheg nggonku nyecep balungan empuk lan gurih.

Tembung *hubungan* kang werdine durung cetha arahe. Panduluku mung plenggang-plenggong tempuk karo panyawange Citra. Iki kok dadi kaya sinetron. Apa aku iki lagi syuting sinetron. Rasa kang tuwuh ngrembaka jroning ati mung dakrasakake dhewe. Aku ora ngerti lamun Citra duwe rasa kang padha. Ah! Wong mung takon kok kumawani nganggep padha, rak durung mesthi.

“*Hubungan* sing kepriye maksudmu?” pandhesekku genti ora oleh wangsulan. Citra malah genti meneng. Bisa bae ora blaka senajan jroning atine kandha kaya jroning atiku. Wong jejere wanita jarene

ngono kuwi. Kaya ditareni rabi, yen ora mangsuli tandhane manthuk utawa gelem. Lho, kok wis tekan semono. Olehku sesambungan raket rak merga nunggal kantor, nunggal gaweyan, nunggal sawernaning perkara kantor. Upamaa ana ganda amrik lan pletak-pletik genine asmara iku bisa bae ana bisa uga ngayawara. Gari saiki aku lan Citra bingung.

Aku wong loro iki kaya bakal kebetus ing tawang, kesandhung ing rata. Kanyatan apa sing daktakoni, apa sing dirasakake Citra iki rak ora ana lingire. Geneya Citra kumawani takon *hubungan*, geneya aku seneng bae saben-saben Citra

Sop Buntut

Cerkak : Eko Wahyudi Merapi



ILUSTRASI JOS

ngajak andhok ing resto sop buntut iki.

“Mas, kuwi ana teknike kepriye bisane daging bisa empuk nanging ora nganti kesuwen. Coba bayangna, yen wong-wong ing resto iki kudu ngenteni jam-jaman nunggu empuke daging. Cetha ora sida ngrasakke enake sop buntut, ta?”

Mak trataba, kaya ngalamun ing dalan pethuk trek dadakan, stang motor nuli dakgiwarke ngiwa ngendhani trek. Kaping pindhone aku plenggongan. Apasing diomongke Citra iki cetha ngenggokake perkara. Ya, perkara kang jarene mau ora perlu, ndesit, ngetokke gumunan, kok saiki malah dijawab gamblang. Suwe-suwe mengko aku bisa dadi karem lan kedanan sop buntut yen ngerti carane ngolah buntut sapi. Duduhe isih nyisa panas kemebul. Mbuh sidane uga gawe kemebule pikiranku. Mbuh aku kedanan enak, seger, lan gurihe sop buntut, apa kedanan seger eseme Citra.

“Tulung metu sedhela Mas, melu aku!”

prentahe wong lanang gedhe dhuwur manggo kaca mata ireng, jaket kulit ireng, lan masker uga ireng.

Apa iki bangsane sopir trek sing ujug-ujug ana ngarepku nalika aku ngalamun. Aku kok ya manut kaya kebo dikelohi. Kedayan perbawane wong gedhe dhuwur iku pantese dudu sopir trek, nanging bangsa petugas, apa aparat ngono. Pawakane wis gawe gigrig atiku. Ana parkirane resto, nuju mobil warna ireng sing lawange mbukak separo. Aku diajak nemoni pawongan siji meneh. Apa iki pacare Citra sing ora seneng marang aku.

“Wis, ora perlu takon-takon, genahe aku perlu dhuwit akeh. Aku ngerti dhuwitmu akeh, gambar lan video ing Hape iki cukup kanggo gawe nguras ATM-mu, ta? Kejaba yen anak bojomu bakal ngerti sesambunganmu karo Citra.” Nrecel omonge wong sing ana njero mobil. Aku ora bisa suwala, wong arep nggenahke satembung rong tembung bae wis kedhisikan meneh.

“Iki siji meneh, sing ana sak clanamu, senjata sabungkus plastik pil, uga bisa gawe remuk rempu balung sungsumu yen sida dakleboke ing sel kidul dalan kae. Piye, ATM kene bae, transfera 10 yuta dhisik, sisane mengok dak*hubungi* meneh.”

Ora ngira yen kedadeyane bakal kaya ngene. Enake sop buntut ora imbang karo memala sing kudu dakrasakake. Bisa-bisane ana barang karam bubuk putih ing sak clanaku. Bisa-bisane dheweke ngrekam anggonku biyasa ngesop buntut bareng Citra. Apa tumon ana sop buntut rega sepuluh yuta? Dakungak ing njero resto, Citra wis ora ana. Aku mung thingak-thinguk kaya kethek ketulup. Kringet adhem wiwit nelesi bathuk, gobyos dleweran ing gulu, dhadha, lan meh saranduning awak teles. Dhengklak dadi ndredheg, rasane arep ambruk. Sop iki nggawa buntut kang ora lumrah tenan. Ing kahanan ngene iki batinkugari ndremimil ngrapal pandonga. Gusti nyuwun ngapura. □

Kebumen, 21 Agustus 2022

**) Eko Wahyudi Merapi, guru, nulis gurit lan cerkak, manggon ing Kebumen, nate mbabar buku 'Prasasti' (2014) lan 'Lathi' (2020).*

Oase

Khanafi

dan kesedihan tinggal
seperti rasa sakit yang tumbuh gigil
di atas kuburan baru
di musim hujan
tangis orang yang jarinya
membuka sebuah pintu
dan lagu
terputar selalu sama
terulang
tanpa akhir
tanpa jawaban
dan manusia melihat matanya terlempar
seperti cahya lampu-lampu kota
dan seluruhnya kembali malam

2022

SENJA DI ATAS MEJA

sebuah warna senja di atas meja
gaunmu ladang di kaki bukit
kau baring pada ranjang
dengan manis dari saat ke saat
malam dingin malam
kuingin dekap kehangatan

2022

LUKISAN PERTEMUAN

ia berkata 'tidak' lewat pikirannya
tapi ia berkata 'ya' dengan hatinya
ia berkata 'ya' untuk cintanya
ia berkata 'tidak' pada musuhnya
ia berdiri seperti sebuah pertanyaan
dan segala masalah berpose untuknya
tiba-tiba ia tertawa sendiri
kemudian melupakan segalanya
pertanyaan dan bayangannya
nama-nama dan waktunya
meski pikirannya masih liar
penuh ejekan seperti anak yang boros
menggoreskan kapur warna
pada permukaan dinding kamarnya
menggambar wajah bahagia
yang patah

2022

**)Khanafi, lahir di Banyumas, Jawa Tengah. Tulisan-tulisannya berupa puisi, esai, dan cerpen tersiar di beberapa media massa baik daring maupun cetak. Penulis berkhidmat di Forum Penulis Solitude (FPS). Sehari-harinya bekerja sebagai editor lepas dan penjual buku-buku lawas. Buku kumpulan puisi pertamanya bertajuk 'Akar Hening di Kota Kering' (SIP Publishing: 2021).*

Geguritan

Bambang Nugroho

GURIT PROKLAMASI

Guritmu ora mung katulis ana lembar lembare majalah, koran, utawa medhia sosial
Guritmu ora mung kawentar ana donyane para panggurit kang tansah sesambat angrerintih
Guritmu ora mung ngumandhang tekan awang-awang saka radio lawas tekane youtube utawa live streaming
Guritmu tansah cinathet ing sejarah kanthi mangsi emas patlikur karat
Guritmu tansah dieling, diapalke lan diwacakake ing sangarepe rakyat lan punggawane praja
Guritmu wis njilma dadi kekuwatane jiwa kang nglairke para syuhada ing pabaratan
Guritmu ora nggeladrah utawa ngambara-ambra tanpa makna
Guritmu cekak aos, mentes, teges ora kakehan ukara
Guritmu iku, asesirah : PROKLAMASI

....
Bangunjiwo,, 17 Agustus 2022

AMBETE WANGKE

Denpendhema lebet
Denbuntela rapet
Denggengema kenceng
Densimpena primpen,

MLAKU

Bisa maju bisa mundur
Bisa mengkok bisa lempeng
Bisa ngiwa bisa nengen
Bisa kandheg bisa slamet,

Suwe apa cepet
Bakale kambet
Angganda nggambret
Sumebar ora bisa kacandhet,

Katone mung mlaku
Sajangkah mbaka sajangkah
Jebul ora gampang
Bisa kajiret jarit utawa kemben
Bisa kasrampung sarung,

Sing padha nyimpen
Kari nunggu wektune
Kambet orane
Saiki apa ing tembe,

Mlaku saurute dalan bener
Kudu bisa ngampet
Saka sakehing karep
Kang ajak-ajak ora pener

Mumpung isih bisa ngrasakake
Panase srengenge
Mertobat ora ana alane

12082022

Tansah sumarah semendhe
Klawan nyuwun pangapura-Ne

**) Bambang Nugroho, Ketua Paguyuban Sastrawan Jawa Bantul (PSJB) 'Paramarta'*

Bangunjiwo, 14082022